ларға ескерткишлер орнатылған. 2016-жылы Қырым Республикасы И.Гаспирали аты менен аталыўшы медальды шөлкемлестирди ҳәм оның менен елди, миллетти раўажландырыўға үлкен үлес қосқан инсанлар сыйлықланып келинбекте.

Үлкемиздиң ғәрезсизликке ерисиўинде, азат болыўында жәдидлердиң хызмети уллы. Олар халыққа жарықлық, руўхыйлық алып келди, билим жолы арқалы халықтың көзин ашыўға ҳәрекет етти. И.Гаспиралиниң педагогикалық пикирлери, қалдырған мийраслары ҳәзирги ўақытта да үлкен әҳмийетке ийе. Сонлықтанда жәдитшиликтиң мәнис ҳәм мазмунын еледе тереңирек үйрениўимиз, жасларды тәрбиялаўда олардың прогрессив идеяларынан орынлы пайдаланыўымыз зәрүр.

**Әдебиятлар**


1. Хошимов К. ва б. Педагогика тарихи. –Т.: «Уқитувчи»,1996, 448-б.
2. https://kpi.ua › hasprynsky
3. Жадидчилик: ислоҳот, янгиланиш, мустақиллик ва тараққиёт учун кураш. -Т.: «Университет» 1999, 219- б.
4. Выдающиеся просветители Евразий. Башкирский ГУ им. М.Акмуллы. –Уфа: 2020.



**РЕЗЮМЕ.** Мақолада жадидчилик ҳаракатининг пайдо бўлиши ва ривожланиши, унинг мақсад ва вазифалари, атоқли қримтатар педагоги ва шоири И.Гаспиралининг ушбу ҳаракатга асос солганлиги, унинг туркий қавм олдидаги, жумладан, таълим тизимини ислоҳ қилишдаги буюк хизматлари, шу асосда мустақилликка эришиш ҳақидаги қарашлари атрофлича баён этилган.

**РЕЗЮМЕ.** В статье рассматриваются вопросы возникновения и развития, цели и задачи джадидского движения, заслуги крымско-татарского педагога и поэта И.Гаспирали как великого мыслителя и основоположника джадидского движения, его мысли по завоеванию независимости, его заслуги перед тюркоязычными народами.

**SUMMARY.** The article deals with the origin and development, goals and objectives of the Jadid movement, the merits of the Crimean-Tatar poet and educator Ismailbek Gaspirali as a great thinker and the founder of the Jadid movement, his thoughts on the achievement of independence, his merits before the Turkic-speaking peoples.


## ROTATSIZM HÁM ONI SAPLASTIRIWDA QOLLANILATUǴIN USILLAR


**A.J.Tàjimuratov** – *assistent oqıtıwshı*

**N.K.Sharipova –** *student*

*Àjiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogikalıq institutı*



**Tayanch so'zlar:** dislaliya, artikulatsion, rotatsizm, pararotatsizm, logopedik mashqlar, metod.

**Ключевые слова:** дислалия, артикуляция, ротатизм, параротизм, логопедические упражнения, методика.

**Key words:** dislalia, articulation, rotatism, pararotatism, logopedic exercises, method.


Bala tuwılar eken, ol ómiriniń dáslepki kúnlerinen baslap, dawıs shıǵarıp jılawǵa túsedi. Jańa tuwılǵan balanıń tuwılıwdan jılawı onıń sırtqı tásirge, yaǵnıy aytqanda suwıqqa, samalǵa, shawqımǵa qarata qaytarǵan juwap reakciyası bolıp esaplanadı. Náreste jılawınıń unamlı áhmiyetleri kóp bolıp, ol jılaǵan waqtında onıń dem alıw jolları ashılıp, sóylew apparatları ósedi hám bekkemlenedi. Bul bolsa óz náwbetinde balada sóylew tiliniń rawajlanıwı ushın zárúr shárayatlardı jaratıp beredi. Bala rawajlanıwınıń dáslepki 2-3 ay waqtınan baslap hàr qıylı seslerdi shıǵara baslaydı. Eger bul jaǵday birneshe ay yamasa jıllarǵa keshikse hám hesh qanday ses shıǵarmaytuǵın bolsa balada qandaydur kemshilik bar ekenin bildiredi. Házirgi kúnde bunday kemshilikler balalar arasında kóplep ushıraspaqta. Eñ kòp ushırasatuǵın sòylew kemshilik túri - bul dislaliya. Sonıń ishinde balalar arasında "R r" sesin aytıwda kemshiliklerge jol qoyıp atırǵan balalar sanı kòpshilikti quramaqta[1].

Bizge belgili logopediyada sesler aytılıwındaǵı kemshiliklerdi saplastırıw jolları 4 basqıshta àmelge asırıladı 1) tayarlıq basqıshı, 2) seslerdiñ aytılıwın jolǵa qoyıw (sesler pastanovkası), 3) seslerdiñ añsat hàm òz-òzinen aytılatuǵın bolıwına erisiw basqıshı - avtomatizatsiyası, 4) almastırılǵan seslerdi bir-birinen parıqlaw - differensiatsiyası. Ayırım jaǵdaylarda bir ǵana àpiwayı shınıǵıw menen seslerdiñ òz-òzinen aytılatuǵın bolıwǵa erisiw mùmkin. Biraq kòp hallarda seslerdi qoyıw ushın bir qatar tayarlaw jumısların òtkeriw zàrùr boladı. Màselen, til astı perdesiniń kelte bolıwı sebepli bala " r " sesin ayta almasa, til ushın joqarı kòtere almasa, til astı perdesiń bir qatar artikulacion shınıǵıwlar jàrdeminde òz halına keltiriw, sozıw mùmkin. Tayarlıq basqıshında artiluatsion apparattıń hàreketsheńligin jaqsılaw, dem alıw shınıǵıwları, eliklewdi rawajlandırıw hàm keyingi basqıshlarda zàrùr bolatuǵın basqa kònlikpelerdi tàrbiyalaw zàrùr. Eger bala sòylewinde kemshilikler bolatuǵın bolsa, eń dàslep natuwrı aytılatuǵın sesti durıs aytıwǵa ùyretiw, yaǵnıy sesler aytılıwın jolǵa qoyıw, onıń postanovkası ùstinde jumıs alıp barıladı. Ùyrenilgen jańa sesti basqa seslerden parıqlaw, ajırata biliwge ùyretiw - differensiaciya tòrtinshi basqısh sıpatında òtkeriledi.

Sòylewde R sesin ayta almaw yàki natuwrı aytıw rotacizm, al basqa sesler menen almastırıw pararotacizm delinedi.

Normada "Rr" sesiniń payda bolıwında artikulacion apparat aktiv qatnasadı. Bul ses aytılıwda erinlerdiń qanday kòriniske keliwi r dan keyingi dawıslı seske baylanıslı. Egerde r dan keyin i sesi keletuǵın bolsa, erinler " kùlip " turadı.

Tisler ortasında belgili aralıq bolıwı lazım. Til qasıq formasın aladı. Aldıńǵı bòlim bolsa alveolalarǵa tiyip turadı hàm kùshli hawa aǵımı tàsirinde tebrenedi. Jumsaq tańlay kòteriledi hàm dawıs baylamları tıǵızlasıp, dawıs payda etedi.

Logopedik àmeliyatta rotacizmnıñ tòmendegi tùrleri ushırap turadı:

1. R sesin ulıwma ayta almaslıq - taraq-taaq, parta-pata.
2. Jumsartıp aytılıwı - ruchka-ryuchka, oramal-oryamal.
3. R sesin tamaqtı qırǵan halda aytıw - randa- ǵanda, raxmet-ǵaxmet.
4. Qaptal rotatsizm. Bul tiptegi rotatsizmde til ushı ornına til qaptalları tebrenedi. Sonıń ushın, màselen, taraq-tariyaq, parta-parilta kòrinisinde aytıladı, yaǵnıy r ornına " rl " sıyaqlı dawıs esitiledi.
5. " Arabakesh " rotatsizm. Bunda r sesi bekkem tıǵızlasqan erinlerdiń tebreniwi nàtiyjesinde payda boladı. Màselen, prrr.

**Pararotacizmlar.** Bulardıń tùri de hàr qıylı boladı: yaǵnıy " r " sesiniñ ornına "a", "v", "d" sesleri hàm basqalar aytılıwı mùmkin.

1. Aynaǵa qarap eliklew. Bul usıl eń ańsat, jeńil rotacizmlardı saplastırıwda qollanıladı. R sesiniń artikuaciyasın úyreniwde tayarlıq shınıǵıwlarınıń roli júdá úlken. Ol eki jóneliste alıp barıladı. Birinshisi, R sesiniń tiykarınan vibratsiyasız artikulaciyasın úyretiw yaǵnıy frikativ r dı payda qılıw. Ekinshisi, tildiń vibraciyasın payda qılıw. Usı maqsette tómendegi tayarlıq shınıńıwların ótkeriw múmkin boladı.

A) Keń jayılǵan tildi joqarǵı eringe kóterip, tiydiriw. Bunda til qaptalları da joqarǵı eringe tıǵız bolıp turıwı kerek. Tómengi erin tilge tiymewi lazım.

B) Tildi usı formada uslap turıp, tisler artına tartıladı.

Tildiń ushı háreketlerin rawajlandırıw maqsetinde tómendegishe gimnastika ótkeriledi:

A) Til ushın joqarǵı eringe – tómengi eringe, joqarǵı tisler arasına tómengi tisler arasına qoyıw.

B) Shepke-ońǵa, keyin ońnan – shepke háreketlendiriw,

V) Erinlerdi aylanasına jalaw: erin hám jaqlar ortasında tildi aylana qılıp háreketlendiriw. Bunda tildiń ushı erinler sırtına shıǵıp ketpewine itibar beriw kerek. Gimnastikanı balalar aynaǵa qarap islewi lazım.

Tayarlıq shınıǵıwların ótkeriwde logoped balalarǵa shpatel menen járdem beriwi múmkin yáki balanıń ózi barmaqları menen tildi kerekli halatqa keltiredi. Balalar menen til vibratsiyasın payda etiw, kerekli halatqa keltiriwde járdem beretuǵın shınıǵıwlarda ótkerildi. Bul shınıǵıwlardı hár qıylı dawıslarǵa eliklew usılı arqalı ótkeriw hám sol waqıtta balaǵa tiyisli sorawlardı berip, onı elikletip kórsetiwge baǵdarlaw múmkin (Pıshıq suwdı qaytip ishedi? At shawǵanda qanday dawıs esitiledi?) hám taǵı basqa.

Dirildewsiz-frikativ dawıstı sh-j seslerinen payda qılıw múmkin. Bunıń ushın awızdı úlkenirek etip ashıp, til ushın alveolarǵa tiydirip turıp, sh yáki j sesin aytttırıw usınıs etiledi. Sońınan bul usılda payda bolǵan sesti bekkemlew, avtomatlastırıw maqsetinde frikativ sesti dáslep buwınlarda, soń sóz hám gáplerde aytıwǵa úyretiw shınıǵıwları ótkeriledi. Logoped bul basqıshta frikativ r sesin durıs aytıwǵa kóbirek itibar beriwleri lazım. Eger sh-j sesleri de nadurıs aytılatuǵın bolsa, logoped aldın usı seslerdiń durıs aytılıwın úyretiw kerek boladı. Tildi tebretiwdi de bir neshe usıl menen islep shıǵıw, úyretiw múmkin.

1. Ayna qarsısında otırǵan balaǵa awızın keń ashtırıp, til ushın joqarǵı tisler arqasına kóterip “ z” sesin sozıp ayttırıw usınıs etiledi. Sol waqıtta logoped shpatel járdeminde tildiń astına tebrenbe háreketler qıladı. Nátiyjede r sesinıń payda bolıwında qatnasatuǵın tebreniw payda boladı.

2. Til ushın joqarı kóterip turıp, “t” sesin bir dem menen izbe-iz bir neshe márte ayttırıladı. Sol waqıtta sesler qatarınıń eń aqırǵı pát penen aytıw kerek – ttt. Tap usınday háreketti “d” sesi tiykarında da ámelge asırıw múmkin – dd, ddd, dddd.[2].

## [R] SESI AYTILIWINDA SÓYLEW AǴZALARININ HALATI



Erinler biraz ashıq, háreketsiz boladı, tisler bir-birine jaqınlasa, biraq tiymegen halatta boladı. Til ushı joqarǵı tańlay tárepke kóterilgen boladı hám til ushında biraz shuqırsha payda boladı. Sol shuqırshadan shıqqan hawa aǵımı til ushın dirildetip ótedi hám vibratsiya payda etedi. Tildiń arqa bólimi páseygen halatta bolıp, dawıs baylamları qaltıraydı hám shıǵıp atırǵan dawıs aǵımı kúshli boladı.

[R] sesiniń aytılıwın bekkemlewge baylanıslı shınıǵıwlar

| | |
|---|---|
| Re-re-re-reń | Hár-hár-.hár-hárre |
| Ro-ro-ro-rom | Ru-ru-ru-ruchka |
| Ra-ra-ra-razı | Er-er-er-erik [3]. |

Juwmaqlap aytatuǵın bolsaq, hàr bir logoped rotacizm kemshiligi menen zıyanlanǵan bala menen islesken waqtında birinshi nàwbette anomaliyanıñ kelip shıǵıw sebeplerin ùyreniw, kesellikke tuwrı diagnoz qoyıw, bunıñ ushın ata-ana menen birgelikte islesiw usınıs etiledi. Òytkeni, logoped bala menen islesiw barısında ùyretgen nàrselerin, àlbette, ata-anasıda òz ùyinde qaytalap, shuǵıllanıp turıwı kerek boladı. Usınday kompleks tùrde jumıs alıp barılsa ǵana ol qısqa waqıt aralıǵında nàtiyjesin tiygizedi.

## Ádebiyatlar


1. Ayupova M.Y. Logopediya. –Toshkent: 2007.
2. Raxmanova V.S. Korreksion pedagogika va logopediya. –Toshkent: 2007.
3. Shomahmudova R. To‘gri talaffuzga o‘rgatish va nutq o‘stirish. –Toshkent: «Ilm ziyo» – 2013.
4. Mo‘minova L.R., Amirsaidova Sh.M., Mamarajabova Z.N., Xamidova M.U., Yokubjonova D.B., Djalalova Z.M., Abidova N.Z. Maxsus psixologiya. –Toshkent: 2013.



**REZYUME.** Ushbu maqolada dislaliya, talaffuzda nuqsoni bo'lgan bolalar, shuningdek, ushbu nuqsonning jamiyatda tarqalishi, uning oldini olish va ular bilan olib borilayotgan tuzatish va logopediya ishlari haqida keng ma'lumot berilgan.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье представлена обширная информация о дислалии, детях с дефектами произношения, а также о распространении этого дефекта в обществе, его предупреждении и проводимой с ними коррекционно-логопедической работе.

**SUMMARY.** In this article, a wide range of information is given about dyslalia, the children with pronunciation defects, as well as the spread of this defect in society, its prevention, and correctional and speech therapy work carried out with them.


# TALABALARNI MADANIYATLARARO KOMMUNIKATIV KOMPETENSIYALARINI RIVOJLANTIRISHDA INNOVATSION TEXNOLOGIYALAR MUHITINING O‘ZIGA XOSLIGI


**A.B.Tleumuratova** – *tayanch doktorant*

*Ajiniyoz nomidagi Nukus davlat pedagogika instituti*



**Tayanch so‘zlar:** texnologiyalar, innovatsion ta’lim, madaniyatlararo kommunikativ kompetensiya, kommunikativ kompetensiya

**Ключевые слова:** технологии, инновационное образование, межкультурная коммуникативная компетентность, коммуникативная компетентность

**Key words:** technologies, innovative education, intercultural communicative competence, communicative competence


Madaniyatlararo kommunikativ kompetensiyani shakllantirish, haqiqiy chet tilidagi muloqotga tayyorlik chet tillarini o‘qitishning asosiy maqsadi hisoblanadi. Kompetensiya – bu shakllangan motivlar, shaxsiy fazilatlarga asoslangan faoliyatni ijodiy ravishda amalga oshirish qobiliyati, kasbiy sohada qonuniy va maqbul xulq-atvor namunalaridan foydalanish qobiliyati. Kompetensiyani o‘zlashtirish professionallik va mahoratni rivojlantirish uchun asos bo‘lib xizmat qiladi. Til kompetensiyasi aloqa holatiga mos keladigan til vositalarini to‘g‘ri tanlash uchun javobgardir; Kommunikativ kompetensiya samarali muloqot jarayonini ta'minlash uchun zarur bo‘lgan mexanizmlar, usullar va strategiyalarni o‘z ichiga oladi. Plujnik IL madaniyatlararo kommunikativ kompetentsiyaning mohiyatini aniqroq belgilaydi: "... bu (ICC) boshqa madaniyat vakillarining qarashlari va fikrlarini tushunish, ularning xatti-harakatlarini to‘g‘rilash, muloqot jarayonida nizolarni bartaraf etish, turli qadriyatlar, xulq-atvor normalari mavjudligi huquqini tan olish ...” [1:15].

Madaniyatlararo kommunikativ kompetensiya zamonaviy ta'lim uchun alohida ahamiyatga ega, bo‘lajak o‘qituvchilar nafaqat kasbiy sohada madaniyatlararo muloqotni amalga oshiradilar, balki kelajakdagi kasbiy faoliyatida madaniyatlararo kompetensiyani shakllantirish va rivojlantirish muammolarini hal qiladilar. Zamonaviy ta'lim madaniyatlararo shaxsni tarbiyalash vazifalarini hal qilish, shuningdek, talabalarning madaniy qadriyatlar, bilimlar, faoliyat usullarini almashish jarayonida boshqa odamlar bilan muloqot qilishga tayyorligini ta'minlash uchun mo‘ljallangan. Chet tili darslarida turli axborot texnologiyalaridan foydalanish talabalarning madaniyatlararo kommunikativ kompetensiyasini rivojlantirishda katta rol o‘ynaydi.

Zamonaviy ta'lim uchun axborot texnologiyalarining ahamiyatiga o‘qituvchi va talabalarni ishontirish shart